



# **Moun aje ki entèlijan**

---

Kontinye pran prekosyon • Pran kontwòl • Kontinye Batay



## **Chè Nouyòkè,**

Lè w se yon konsomatè ki entèlijan, sa mande pou w gen zouti pou w pwoteje tèt ou kont fwod ak abi. Malerezman, gen anpil fason mechan ak lòt kriminèl itilize pou antre nan lavi nou: nan telefòn, pa mwayen entènèt, pafwa anndan lakay nou. E anpil ladan yo pran abitid sible moun aje k ap viv Nouyòk yo.

Ti bwochi sa a fèt nan objektif pou ede nou evite mechan ak moun k ap fè moun abi anvan yo rive sou nou. W ap jwenn enfòmasyon sou dwa w epi w ap jwenn etap pou w aplike pou w pwoteje byen w ak sante w. Kòmanse sou pran desizyon ki byen kalkile pou rive nan planifye swen sante w, idantifye krim yo ak konnen fason pou lite kont yo, li enpòtan pou w konn pi bon fason pou w pwoteje tèt ou.

Youn nan prensipal misyon biwo nou an se pwoteje abitan k ap viv Nouyòk kont fwod ak abi. Si ou panse ou menm oswa yon moun ou konnen te viktim fwod, rele nou. Nou gen envestigatè ak avoka ki espesyalize nan lite kont fwod, neglijans ak abi, ak pwoblèm ki egziste nan sistèm sante a. N ap fè sa nou kapab pou nou reponn kesyon w yo epi ba w èd ou bezwen an.

Kòdyalman,

*Letitia James*



**Attorney General of New York  
*Letitia James***

# Lis Sijè

I. Kisa fwod ye .....	5
II. Kèk egzanz fwod .....	7
III. Sekirite sou Entènèt .....	14
IV. Vòl idantite .....	17
V. Charite .....	22
VI. Abi sou moun aje ak Neglijans .....	24
VII. Sant kontwòl sou fwod k ap fèt sou Medicaid .....	27
VIII. Pran Kontwòl Lajan w; Sante w .....	29
IX. Sa w bezwen .....	33

Fwod ak abi sou moun ki aje ka parèt sou tout fòm. Ka se fwod sou renovasyon kay, medicaid oswa abi nan domèn fizik. Moun ki viktim yo pèdi yon total 3 milya dola chak ane. Se poutèt sa li enpòtan pou tout moun gen bonjan enfòmasyon k ap pèmèt yo rete veyatif pou yo ka pwoteje tèt yo, pou yo gen bon zouti k ap ede yo jere finans yo ak byennèt fizik yo e pou yo konnen ki kote pou y al chèche èd oswa rapòte yon krim.

## I. Sa yon fwod gen ladan I

Li ka fwod, abi fizik oswa detounman lajan, pifò krim ki vyole konfyans yon moun gen menm eleman yo epi pifò pran rasin nan ti fwod ak mechanste. Teknoloji a ka avanse, ka yo ka pran yon dimansyon mondyal men estrikti yon fwod pa janm chanje. Keseswa yon moun ki ta ka ap eseye vann ou yon nouvo twati pou kay oswa yon imel ou resevwa ki di ou genyen nan bòlèt ou pa menm sonje ou te jwe, ap toujou gen yon eleman an komen nan diskou yon moun k ap eseye fè fwod.

**Moun k ap fè fwod yo itilize yon “kwòk.” Gen gwo chans pou se youn nan sa yo.**



### Lajan oswa avidite.

Pifò nan nou ap chèche bon afè oswa nou reve pou nou dòmi pòv leve rich.



### Lanmou oswa bon entansyon

Bon moun ap vle ede moun yo renmen.



### Laperèz ak Dezespwa

Sa ka parèt dwòl, men laperèz ka fè nou fè mwens atansyon, e sa ka fè nou pi anvi kwè nan yon pwomès reparasyon ki ka fèt byen vit oswa kwè nan yon remèd mirak.

Premye bagay la se chèche konnen a kisa yon fwod sanble. Fè atansayon ak bagay sa yo lè nou wè yon moun ap ofri nou yon bagay oswa ap fè yon demann:

1

### “Kwòk” ki la pou distrè nou an

Nan moman fwod la, ap toujou gen yon bagay pou kapte atansyon w, pou sedui w yon fason k ap lakòz ou neglige detay yo oswa bese vijilans ou.

2

### Yon Moun k ap fè Fwod ki Sanble ou ka fè Konfyans

Pifò nan nou fè moun konfyans sof si moun nan ta ban nou yon rezon pou n pa fye l. Moun k ap fè fwod yo fò anpil nan manipile moun pou fè yo konfyans.

3

### Yon delè

Ou ka wè se yon kado lanmò ki nan fwod la. Pifò kanpay piblisite gen yon kwòk ladan yo, yon bagay pou pouse moun nan achte. Pifò kanpay piblisite konte sou ou pou w kwè nan sa yo prezante w la. Si yon bagay p ap la demen, petèt se paske l pa legal.

## II. Kèk egzanp fwod



### Tirajosò oswa konpetisyon

Pafwa fwod la ka parèt sou fòm “Bòlèt nan yon lòt peyi” oswa “Yon Tirajosò” oswa “Ou se youn pamì yon Milyon Kliyan” ki genyen yon kwazyè, lajan oswa yon òdinatè tounèf. Nouvèl la ka tonbe nan telefòn, yo ka voye l lakay ou, oswa ou ka jwenn li sou entènèt.

#### **Sa fwod tirajosò a gen ladan I dabitid:**

- Yo mande “moun ki genyen” an pou l voye yon chèk oswa pou l fè yon transfè lajan pa mwayen bank li pou kouvri taks ak frè. Pafwa mesaj yo voye pou konpetisyon an konn gen yon chèk pou moun ki genyen an al depoze; yo mande moun ki genyen an pou l voye yon pousantaj nan kòb la. Nan yon vrè konpetisyon yo p ap janm mande w pou w bay lajan konsa.
- Yo ka mande w enfòmasyon kont anbank ou pou yo ka depoze lajan w genyen an. Sa a se yon tantativ pou vòlè idantite ou. Y ap mete kont ou a zewo.
- Yo itilize yon non ki sanble ak non yon ajans nan gouvènman oswa ki sanble ak yon non otorite ofisyèl. Yo ka envante non tankou: “National Sweepstakes Bureau,” oswa “The National Consumer Protection Agency.” Poutan youn nan yo pa egziste vre. Pafwa yo ka menm itilize non yon enstitisyon ki egziste vre tankou Federal Trade Commission. Moun k ap fè fwod yo fè konnen gouvènman “sipèvize” entegrite bolèt entènasyonal. Se pa vre. Sa a se yon fwod.


## Kontinye pwoteje tèt ou, Pran kontwòl:

- Pa janm bay moun ki kontakte w e ou pa konnen lajan; se menm bagay ak lonje lajan bay moun.
- Pa janm bay lajan pou w reklame yon rekompans lajan, keseswa yo ta mande w pou w fè transfè pa mwayen kont bank ou oswa yo ta mande w pou w voye yon chèk pou "kouvri" taks oswa lòt kalite pèman. Vrè konpayi bòlèt ak tirajosò yo tou retire lajan ou dwe IRS nan lajan ou genyen an, epi y ap mande w pou w ranpli plizyè fòmilè dirèkteman avè yo.
- Pa met konfyans ou sou Idantite moun ki rele w la. Moun k ap fè fwod yo itilize tenoloji pou yo fè w kwè apèl la sòti nan zòn ou an oswa Washington, DC
- Se pou w yon zanmi. Si w sispek yon zanmi w oswa yon fanmi w viktim fwod, eseye pale sou sa avè yo. Kèk nan siy yo se yon pakèt imel "gayan garanti", bwat ki gen bijou, mont oubyen swadizan "koleksyon espesyal."

## Li ilegal pou konpayi tirajosò oswa bòlèt pou yo:

- Di ou se yon gayan sof si ou ta genyen vre;
- Mande w achte yon bagay pou w ka antre nan yon tiraj oswa pou yo ka voye enfòmasyon sou tirajosò lakay ou, oswa fè w kwè ou gen plis chans pou w genyen si w achte yon bagay;
- Voye fo chèk lakay ou ki pa presize si yo negosyab oswa ou pa ka chanje chèk yo pou w pran kòb la;
- Itilize tep, non oswa kondisyon ki ta fè kwè yo afilye ak gouvènman oswa yo gen apwobasyon l;
- Òganize yon seyans bòlèt nan telefòn oswa pa mwayen dokiman yo voye lakay ou.





## Fo Chèk

Se pa sèlman moun ki fè tirajosò ki itilize fo chèk; w ap jwenn li nan ribrik “secret shoper” yo; vant oswa òf an piblik; ak opòtinite pou travay lakay pou nou site sa yo sèlman.

W ap wè yo mande w pou w depoze yon chèk, aprè sa pou w voye rès kòb la pa mwayen transfè labank. Dabitid chèk sa yo sanble ak vrè chèk; e pafwa yo se bon chèk vre.

Pwoblèm nan yo pa gen kòb ladan yo vre. Depo chèk la fèt, epi omwen yon pati nan kòb la al jwenn moun k ap fè fwod la. Lè chèk la san pwovizyon, kòb transfè a tou pèdi.

**Fwod sa fonksyone paske ou dwe  
fè transfè lajan anvan ou jwenn  
kòb ki sou chèk la.**

## Fwod sou granparan

Generalman,  
fwod sa parèt sou  
fòm yon apèl ijan.

Moun ki rele a fè konprann li se “pitit pitit gason prefere w la” oubyen li ka jis di “se mwen menm”... pou l ka pouse granparan bay non li bezwen an. Ijans lan ka diferan nan kèk ka, men se toujou menm senaryo a: “pitit pitit gason” an pa nan zòn nan e l bezwen lajan rapid -- pou l peye kay, oswa pou l repare machin li oswa pou ka peye doktè. Moun ki rele a sipliye granparan an pou l pa di paran l yo sa. “Jis fè transfè kòb la imedyatman.”

Moun k ap fè fwod la konnen paran yo oswa granparan pa renmen lè yo resevwa apèl kote moun yo renmen yo nan pwoblèm. Chak ane, plizyè milye Ameriken pran nan Fwod yo fè sou granparan. Chak jou pi plis, moun k ap fè fwod yo itilize vrè non fanmi moun yo ak enfòmasyon yo jwenn so rezo sosyal yo ak lòt sit entènèt yo. Pa pran nan pyèj la. Depo chèk la fèt, yon pati nan kòb la al jwenn moun k ap fè fwod la. Lè chèk la san pwovizyon, kòb transfè a tou pèdi.

## Kontinye pwoteje tèt ou, Pran kontwòl:

- Pa janm voye lajan bay yon moun san w pa verifye idantite l.
- Pa jis kontante w sou vwa moun nan ou ka panse w rekònèt; verifye si w konnen moun k ap pale avè w la.
- Mande moun ki rele w la pou l ba ou non ak kontak ajans ki la pou ranfòsman lalwa a, lopital la oswa garaj k ap ranje machin nan, epi verifye si enfòmasyon l ba w yo egzak.
- Anvan w voye lajan an, pale ak fanmi w pou w ka konnen si se vre gen yon moun nan fanmi an ki deplase e ki bezwen èd.

## “Granma, se mwen menm... tanpri pa di manman m sa...”

# Fwod Sou Reparasyon Kay

Konplo pou pyeje moun ak kontra travay souvan fèt sou sitwayen ki aje yo, petèt paske se yo ki nan kay la pi souvan, e li pi fasil pou w wè yo posede pwòp kay yo, epi kay yo posede yo konn bezwen reparasyon. Abityèlman, men kòman kèk apwòch konn parèt:

## *Jis fè yon pase*

Moun k ap ofri kontra a “jis fè yon pase” se fwod ou jwenn pi souvan. Pafwa yo ka di w yo te fè yon travay toupre nan zòn nan epi yo vin chèche materyèl yo te kite. Gen lòt fwa yo ka di yo remake gen yon bagay ki pa nòmal: yon branch bwa ki tonbe oswa yon kouvèti ki detache. Nan kèk ka se yo ki konn fè dega avan yo vin ofri w pou yo fè reparasyon yo. òf rapid epi bon mache sa yo souvan pa bon kalite, se ka jis yon penti yo melanje ak dlo olye yo itilize bon penti, kouvèti pou do kay move kalite ki kouvri mwatye do kay la sèlman, oswa yon ti kouch asfalt nan rantre kay la. Moun sa yo k ap fè fwod la ap souvan mande yon pèman pou w peye tousuit e si yo ta fin fè travay la, gen anpil chans pou l p ap dire.

## *Fwod Enspeksyon gratis*

Pwoteksyon kont move tan, novo fenèt, chemine: paske yo konnen chofe kay ou se yon priyrite pou ou, moun k ap fè fwod yo ap toujou ofri w “enspeksyon gratis.” Y ap toujou jwenn yon pwoblèm ki mande pou w depanse anpil kòb pou w rezoud li: yon ponp ki chè ou dwe enstale; fouye fondasyon an pou anpeche dlo antre lè goutyè yo ap fonksyone; yon novo chemine; oswa novo fenèt pou lè ta gen gwo fredi.



*“Mwen gen travay m ap fè toupre a e mwen gen materyèl mwen te kite. Mwen ka fè travay la pou ou pou yon ti kal lajan.”*

## Kontinye pwoteje tèt ou, Pran kontwòl:

- Rete vijilan parapò a kèleswa òf pou fè travay nan kay, ou pa t menm mande. Epi sonje, pwoblèm nan pa pi grav pase sa, ou ka tann youn oswa de jou pou w fè kèk rechèch.
- Pa jis kontante w sou vwa moun nan ou ka panse w rekonèt; verifye si w konnen moun k ap pale avè w la.
- Mande zanmi w oubyen vwazen w pou yo refere w yon moun. Sonje sa, w ap jwenn pi bon kontraktè yo nan pale ak moun.
- Tcheke kontraktè ki nan lis Better Business Bureau a.
- Chèche referans.
- Evite kontraktè ki pa gen papye pou yo fonksyone. Nan kèk peyi oswa vil, kontraktè yo dwe gen yon papye ki pèmèt yo fonksyone.
- Pran plis pase yon pwofòma, epi rasire w pwofòma yo gen detay sou travay la ak materyèl ki nesesè.
- Pa kite yon kontraktè fè yon travay pou ou san pa gen pèmi ak asirans pou l fonksyone.
- Pa panse pri ki pi ba se pi bon afè a. Verifye kalite materyèl yo.
- Mande pou yo ba w yon papye: lalwa egzije pou w gen yon kontra ekri pou tout travay ki koute plis pase \$500.
- Ou gen dwa pou w anile kontra pou pita sou twazyèm jou ouvrab aprè w fin siyen I. Anilasyon kontra dwe fêt a lekri.
- Fòk sa klè ou p ap peye pou okenn travay oswa chanjman nan kontra sof si sa ta mansyone nan kontra e nou te dakò sou sa.
- Pa janm peye tout kòb la yon sèl kou. Negosye pèman selon jan travay la ap avanse. Asire w travay la fêt jan sa ekri nan kontra a anvan w vèse dènye pati kòb la.
- Depi sa posib, peye ak yon kat kredi. Sinon, peye ak chèk. Pa janm peye kach.

### Aprè move tan an

Rete veyatif aprè yon gwo entanperi fin pase tankou tanpèt nèj oswa inondasyon. Moun k ap fè fwod yo pral pwofite de moun ki bezwen reparasyon yo.



## Jere moun k ap fè marketing sou entènèt yo

Gen moun k ap fè marketing sou entènèt ki lejitim, konsa tou gen moun k ap fè fwod, e gen lòt ki nan mitan kategori sa yo. Pwoblèm nan yo vize moun ki rete lakay yo pandan lajounen e ki gen abitid reponn telefòn yo. Li enpòtan pou w rete vijilan lè w ap reponn telefòn. Men kèk bagay pou w sonje:

### ***Pa met konfyans ou sou Idantite moun ki rele w la.***

Moun k ap fè fwod yo souvan manipile idantifikasyon yo pou yo ka fè w kwè apèl la lokal, oswa se yon apèl ki soti nan yon kote ki "ofisyèl", tankou Washington, DC. Asire w ou abitye ak konpayi oswa òganizasyon charite moun ki rele a ap travay la. Si se pa sa, pran tan w pou w fè rechèch anvan w fè yon acha oswa yon kontribisyon.

### ***Pa jan m bay yon moun ou pa t mande rele w enfòmasyon pèsonèl ou.***

Sa vle di, moun ki kontakte w anvan an. Enfòmasyon ou dwe sere fon se dat ou fêt, nimewo sekirite sosyal ou (menm kat dènye chif yo), non jèn di manman w, prenon bêt ou gen lakay ou oswa nenpòt bagay ka sèvi w modpas oswa lòt idantifyan. Ou p ap janm ka sèten si moun ki rele w la vrèman moun li di w li ye a.

### ***Ou pa oblige pran okenn angajman nan telefòn.***

Mande pou yo ba w yon devi pa ekri, pran tan w pou w fè rechèch oswa reflechi. Sonje kisa yon fwod gen ladan I: yon moun serye k ap vann ap kite w pran tan w pou w pran yon bon desizyon.

### ***Moun k ap vann sou entènèt yo reglemante.***

Yo ka rele w ant 8è  
nan maten pou rive  
9è nan aswè sèlman.



Moun k ap vann a  
distans lan dwe di  
kliyan I ap eseye vann  
li yon bagay e li dwe  
idantifye vrè vandè a.

Anvan yo mande w  
lajan, yo dwe esplike kisa  
pwodui oswa sèvis y ap  
ofri a gen ladan, pri a, ak  
restriksyon pou livrezon.

### III. Sekirite sou Entènèt

Pwoblèm fwod sou entènèt ak vòl idantite kontinye ap ogmante ak entènèt la ki vin jwe yon gwo wòl nan lavi nou tout. Men gen anpil fason pou rete pwoteje e pran kontwòl sitiyasyon an.

#### Kreye Modpas Moun ka difisil pou jwenn.

Fè yon jan pou l'fasil pou ou pou w sonje men pou l'difisil pou lòt moun devine. Pa itilize enfòmasyon pèsonèl tankou dat nesans ou, nimewo asirans sosyal ou oswa non jèn fi manman w. Epi evite chwa ki fasil tankou non pitit ou oswa non bët ou gen lakay ou. Ajoute senbòl ak chif, lèt majiskil ak lèt miniskil.

Itilize yon modpas diferan pou chak kont. Si yon moun reyisi dekouvri modpas imel ou, epi se te menm modpas la ou genyen pou kont bank ou, ou riske fè anpil pèt. Sere modpas ou yo yon kote ki an sekirite. Modpas enpòtan pou rezo entènèt san fil. Si w gen yon rezo entènèt san fil lakay ou, mete sekirite sou li. Moun k ap fè fwod yo ap chèche nan kominote yo pou yo jwenn rezo ki san pwoteksyon. Si yo konekte nan rezo pa w la, yo ka pran enfòmasyon ki nan òdinatè w byen fasil. Yo ka itilize rezo entènèt ou a tou pou yo fè aktivite ki ilegal oswa telechaje pònografi ak lòt bagay ou pa asosye ak kont ou.

- Chak òdinatè ak chak kont sou òdinatè a dwe gen yon modpas pou pwoteje l.
- Imel: Si w itilize imel ou pouw achte, peye bil oswa pou bank ou, ak yon klik sèlman yo ka gen aksè a anpil enfòmasyon pèsonèl. Si w gen yon telefòn entèlidian, pwoteje l ak yon modpas tou.
- Lòt kont. Si w itilize bank oswa ou konn achte sou entènèt, y ap mande w pou w anrejistre yon non itilizatè ak yon modpas.



## Itilize sit ki gen sekirite sou yo.

- Asire w sit ou itilize pou w achte oswa fè tranzaksyon labank yo se sit ki gen sekirite. Men kijan w ap konnen:
- Gade non sit entènèt ak jan l parèt nan ba pou rechèch la. Asire w gen yon "S" nan pwotokòl la nan kòmansman non sit la. Yon sit ki gen sekirite ap kòmanse ak <https://>.
- Chèche sètifikasi sekirite sou fenèt rechèch la. Se la w ap kapab tape non site ou bezwen antre sou li a. Pifò navigatè itilize yon ti kadna tankou sa ki w ap gade anlè a. Lè w klike sou li, li ba w non pwopriyetè sètifikasi a, sa ki ta dwe menm ak sit ou antre sou li a. Gen kèk navigatè ki pa itilize ti kadna a; olye de sa non sit la ap parèt an koulè anvan w jwenn <https://>. Klike sou non an pou w ka asire w li koresponn.
- Pa itilize kat debi oswa chèk sou entènèt, sèlman kat kredi pou w itilize. Menm si w wè kat debi yo gen menm logo ak kat kredi yo sou yo, yo pa gen menm nivo pwoteksyon. Si yo vòlè enfòmasyon kat kredi w, ou responsab \$50 sèlman sou kantite lajan fwod la ye a. Si yo vòlè enfòmasyon kat debi w epi vòlè a pran tout kòb ki sou kont bank ou a, ou tou pèdi tout lajan sa a.

### Rezo Sosyal

Sit tankou Facebook ak Skype ka ede w rete konekte ak fanmi oswa zanmi ki abite lwen. Malerezman, moun k ap fè fwod yo chèche enfòmasyon sou sit sa yo.



## Pa kite yo “pirate” w

Pirataj (Phishing) se tantativ pou fè yon moun bay enfòmasyon pèsonèl li tankou non itilizatè (username), modpas, oswa nimewo kat de kredi li. Moun k ap fè fwod la kache dèyè non yon konpayi ou abitye avè l e ou fè konfyans, tankou bank ou, yon magazen sou entènèt ou konn achte, oswa konpayi kat kredi w la.

Pafwa yo ka fè kwè yo se yon ajans nan gouvènman. Y ap voye yon imèl pou ou pou di w gen yon pwoblèm nan kont ou e yo la pou ede w. Pafwa yo ka rele w nan telefòn oswa voye yon mesaj ba ou. Objektif fwod pirataj la se pou yo mande w pou w bay enfòmasyon pèsonèl ou, tankou nimewo asirans sosyal ou oswa modpas ou, pou yo ka “konfime idantite w” epi “regle pwoblèm ki gen nan kont ou a.

- Pinga w janm bay yon moun ou pa t rele enfòmasyon pèsonèl ou.
- Pa klike sou yon lyen ki nan yon imèl yon moun ou pa konnen voye ba ou, kèlkeswa moun yo di w yo ye a. Yo ka voye w sou yo fo sit entènèt, ki “sanble” ak yon vrè sit entènèt yon vrè konpayi. Olye w klike sou lyen an, ale sou ba navigasyon an epi tape adrès sit konpayi w ap eseye chèche a. Konsa w ap asire w ou sou “vrè” sit la, olye de fo a.
- Evite ouvri imèl ki sanble ak imèl endezirab. Li pi bon pou w pa menm chèche konnen sa l ye.
- Si yon konpayi rele w, voye yon mesaj tèks oswa yon imèl ba ou pou di w kont ou gen yon pwoblèm, pa reponn. Olye de sa, rakwoche telefòn nan, efase mesaj la oswa imèl la, aprè sa kontakte konpayi a ou poukont ou. Konsa w ap sèten w ap pale ak vrè konpayi a, olye de yon fwodè k ap eseye “pyeje” w.

### Rezo Sosyal

- Itilize konfigirasyon prive yo ak modpas.
- Ranje l yon fason pou se moun ki “zanmi w” sèlman ki ka wè foto w yo ak enfòmasyon w.
- Pa “zanmi” moun ou pa konnen.
- Pa poste enfòmasyon ki idantifye w pèsonèlman tankou dat nesans ou, adrès lakay ou oswa nimewo telefòn ou.

## IV. Vòl Idantite

Apèl nan telefòn; pirataj; fo chèk: anpil nan fwod sa yo ap chèche plis pase lajan kach. Yo bezwen vòlè idantite w.

Vòl Idantite — lè yo vòlè enfòmasyon pèsonèl ou pou yo ka gen aksè a kredi, kont bank, e menm swen medikal — afekte plizyè milyon moun chak ane e sa koute plizyè milya dola. Moun ki viktim vòl Idantite yo se moun nan tout kouch sosyal, kèlkeswa kantite lajan yo fè ak laj yo. E sa ka rive nenpòt kote: vòlè yo ka jwenn enfòmasyon pèsonèl ou nan fatra, nan magazen oswa restoran kote ou te itilize kat kredi oswa debi w, kay doktè oswa sou entènèt.

Chak moun gen dwa pou yo resevwa yon kopi rapò kredi yo chak ane. Ou ka jwenn pa w la lè w anrejistre sou sit sa oswa rele nan nimewo san frè sa.

Si w wè kont oswa demann ou pa t fè oswa ou pa rekònèt, sa ka vle di yon lòt moun ap itilize idantite w.

Rapò Kredi Gratis:  
[annualcreditreport.com](http://annualcreditreport.com)  
(877) 322-8228



## **Men kèk fason pou w toujou an sekirite epi pwoteje idantite w:**

- Detwi tout papye ki gen enfòmasyon pèsonèl ou anvan w jete yo.
- Pwoteje enfòmasyon w epi kenbe l an prive. Lè w ap peye bil ou, pa mete anvlop yo nan yo bwat ki pa lòk tankou sa k nan antre lakay ou a. Fè depo chèk dirèk. Pa mache ak kat asirans sosyal ou oswa twò kat kredi an menm tan. Mete modpas sou kont ou yo. Pa itilize òdinatè piblik, tankou sa w jwenn nan restoran oswa bibliyotèk pou w fè transaksyon lajan. Sere enfòmasyon pèsonèl ou yon kote ki an sekirite lakay ou.
- Byen gade rapò kont bank ak kat kredi w yo chak mwa pou w ka asire w pa gen tranzaksyon ou pa t otorize oswa fwod ladan l. Si w itilize bank sou entènèt, veriye kont ou pi souvan toujou. Pwoblèm nan pi fasil pou rezoud, si w idantifye l bonè.
- Detwi enfòmasyon ki gen rapò ak lajan ou genyen ki ekspire oswa ou pa bezwen ankò yo anvan ou voye yo jete. Detwi papye yo, koupe plastik yo.
- Sa k pi enpòtan an: Pa bay moun ou pa konnen enfòmasyon pèsonèl ou.

## **Biwo Kredi oswa Ajans ki bay Rapò sou Konsomatè**

Konpayi sa yo bay enfòmasyon sou chak grenn moun an patikilye. Si ou ouvri yon kont pou w fè pèman, ou aplike pou kredi, oswa ou lwe yon apatman, gen chans yo verifye istorik kredi w.

Men kat biwo kredi ki genyen Ozetazini yo:

**Experian**

**TransUnion**

**Equifax**

**Innovis**

W ap ka jwenn enfòmasyon k ap pèmèt ou kontakte chak nan yo nan seksyon Resous ki nan do ti bwochi sa a.



## Piblisite nan telefòn, fasafas oswa sou entènèt, Entènèt, Piblisite pa lapòs

Gen fason ou ka diminye kantite apèl ou pa t mande k ap monte sou telefòn ou, mesaj ou resevwa pa lapòs ak òf sou entènèt ou resevwa yo. Si w fè sa yo w ap ka evite moun ou pa rekonèt antre nan lavi w epi w ap ka limite ris vòl idantite.

Rejis Do Not Call:  
**(800) 382-1222**  
**[donotcall.gov](http://donotcall.gov)**

Ou ka anrejistre nimewo telefòn ou (ou ka anrejistre ni telefòn kay, ni telefòn selilè) nan rejis Do Not Call la. Nan 31 jou aprè ou fin anrejistre ni telefòn ou, moun k ap fè marketing yo – ka gen kèk eksepsyon – dwe retire nimewo telefòn ou nan li yo.

Anrejistrem an rejis Do Not Call la jiskaske nimewo a dekonekte oswa yon lòt moun ta vin posede l.

### ***Eksepsyon***

Menm si w anrejistre nimewo w nan Rejis Do Not Call la, w ap toujou resevwa apèl ki sòti nan òganizasyon politik, charite, ak moun k ap mennen ankèt, menm jan konpayi ou te fè afè avè yo deja ka rele w oswa lòt konpayi ou te bay konsantman ekri pou w resevwa apèl yo. Sepandan, si w mande yon konpayi pou yo mete nimewo w la sou pwòp lis do-not-call yo a, yo ka dakò fè sa. Ou dwe kenbe dat ou te fè demann nan.

## Òf Kredi ak Asirans ou pa t Mande.

Pou dezenskri nan Òf yo  
**(888) 567-8688**  
**[optoutprescreen.com](http://optoutprescreen.com)**

Se kat gwo konpayi ki jere rapò kredi konsomatè yo ki jere sèvis sa. Lè w ap anregistre, y ap mande w pou w bay nimewo telefòn lakay ou, non w, dat ou fèt ak nimewo asirans sosyal ou. Enfòmasyon sa ap rete konfidansyèl.

## Pa Lapòs ak Imèl

Asosiyasyon Maketing Dirèk la, yon òganizasyon komèsyal ki itilize piblisite pa lapòs, bay sèvis ki pèmèt konsomatè yo dezenskri pou resevwa piblisite nenpòt konpayi nasyonal voye pa lapòs pandan senkan e pandan sizan pa imèl. Aprè w fin anregistre nan Sèvis Preferans pou Lapòs oswa Preferans pou Imel, y ap mete non w nan yon fichye “siprime” e biznis yo gen aksè avè l, sa k ap redui kantite mesaj pa lapòs ak imèl ou pa t atann ou resevwa.

Sa p ap gen efè sou lòt òganizasyon ki manm Assosiyasyon Maketing Dirèk la.

### Pou w anregistre:

Ale sou sit entènèt: [dmachoice.org](http://dmachoice.org)

oswa

Voye demann ou an pa lapòs ak tout \$1 pou frè tretman:  
DMAchoice, Direct Marketing Association  
P.O. Box 643, Carmel, NY 10512





## Detwi, Detwi, Detwi

Youn nan etap ki pi enpòtan ou ka franchi pou w pwoteje idantite w nan domèn finansye se pou w pran abitid detwi dokiman. Pou ka achte yon aparèy pou detwi dokiman ki pa koute chè ki ka menm gwosè ak yon ti poubèl. Kèk bank ak vil konn ofri sèvis detwi dokiman oswa ka planifye “jou pou detwi dokiman”. Detwi dokiman ki gen enfòmasyon sa yo:

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Nimewo kont
- Enfòmasyon Sou Finans
- Modpas
- Enfòmasyon Kat Kredi
- Siyati w
- Dosye Medikal
- Dosye Legal

## V. Charite

### Asosye Jenewozite ak Vijilans

Moun k ap viv nan Vil Nouyòk bay òganizasyon k ap ede moun plis pase 10 milya dola chak ane, espesyalman akoz moun aje k ap viv Nouyòk yo ki jenere.

Pifò òganizasyon k ap ede moun yo onèt nan metòd yo itilize pou yo mande kontribisyon yo. Sepandan, gen òganizason ki mal itilize metòd pou ranmase lajan yo, kote majorite pati lajan moun bay yo al jwen moun ki òganize l la olye l al pwogram yo kreye a. Lòt òganizasyon ki swadizan ap ede moun yo, se fwod ki la pou jwe sou senpati moun ki kapab e ki tou senpleman vle soutni yon bon pwojè.

Men kèk fason ou ka asire w don charitab ou fè yo ale kote ou vle yo ale.

- Asire w ou konnen òganizasyon an ak sa l ap defann ak pwogram li yo. Moun k ap fè fwod yo souvan mete aksan sou repitayon yon lòt òganizasyon moun byen konnen tout pandan y ap chanje non yo tikras pa tikras.
- Konfime òganizason an anrejistre Nan Biwo Avoka Jeneral la, jan lalwa mande sa.
- Chèche konnen kisa òganizason an pral fè ak lajan w lan: ki kantite nan chak don ou fè ki sipòte pwogram yo, depans administratif ak kesyon ranmase lajan an.
- Evite òganizasyon ki p ap reponn kesyon w yo oswa pi p ap ba w enfòmasyon sou papye konsènan pwogram li yo ak finans yo.

### Ranmase lajan pou ranfòse lalwa

Pran prekosyon anvan w bay yon òganizasyon ki la pou ranfòse lalwa yon don a distans.

Kontakte polis nan zòn ou an oswa lòt ajans polis pou verifye idantite gwooup k ap mande w kontribisyon w lan. Rapòte nenpòt moun k ap fòse w oswa ki itilize taktik ki abizif oswa k ap pwomèt ou kontribisyon w ap bay la ap ede w benefisyé yon pi bon pwoteksyon lapolis.

## Bay yon don

- Reziste kont presyon y ap fè sou ou pou w bay sou plas. Si w deside tande sa yo gen pou yo di, mande konbyen nan lajan w ap bay la ki prale nan pwogram pou ede moun yo, epi ki kantite lajan moun k ap fè pwomosyon an ap touche. Pran prekosyon le y ap di w “tout kòb yo ranmase yo se pou ede moun.”
- Evite li imèl ou pa t ap atann. Souvan se fwod yo ye e repons ou bay ka fè l'fasil pou yo vòlè idantite w.
- Pran prekosyon lè w ap fè don atravè mesaj tèks oswa medya sosyal. Byenke kantite òganizasyon ki la pou ede moun ki itilize medya sosyal ak mesaj tèks pou jwenn don yo kontinye ap ogmante, ou dwe toujou verifye si don ou bay la pral jwenn òganizasyon ki byen etabli e ki gen bon repitasyon.
- Veye Fo Fakti Moun k ap fè fwod yo souvan voye fakti ki “an reta”. Konfime ou te fè yon pwomès ak òganizasyon sa toutbon. Se ka yon fwod.
- Pa janm bay lajan kach. Li pi bon pou w itilize chèck pou w ba w kontribisyon w ap bay la e fè chèk la dirèkteman sou non ou adrese dirèkman ak charite a, oswa pa kat kredi.
- Sa k pi enpòtan an! Pa janm bay nimewo asirans sosyal ou oswa lòt enfòmasyon pèsonèl si w vle bay yon òganizasyon ki mande w pou w fè yon don. Pa janm bay yon òganizasyon ou pa abitye avè l'enfòmasyon kat kredi nan telefòn.

### 36.9¢ sou chak gress dola

Sa se montan an mwayèn k al jwenn òganizasyon an lè yo itilize kanpay pa telefòn, entènèt oswa fas a fas. Gen anpil òganizasyon toupatou nan eta a ki resevwa mwens – dèfwa òganizasyon yo konn pèdi lajan. Sit Òganizasyon Avoka Jeneral la charitiesnys. com bay enfòmasyon sou konpayi ki la pou rasanble lajan pou òganizasyon yo, e ki kantite nan lajan sa a ki al jwenn òganizasyon an.





## VI. Abi sou moun aje ak Neglijans

Se yon pwoblèm ki gen nan ras, reliyon, kilti ak kantite lajan moun nan fè. Sa gen ladan I vyalans fizik, emosyonèl ak abi seksyèl, ak neglijans tou. Pa gen moun ki vle konnen yo vilnerab, men sa enpòtan lè w konprann risk ki genyen pou w viktим.

### Faktè Ris pou Viktim yo

- Maladi, twoub memwa oswa maladi demans
- Izolasyon Sosyal
- Vyalans nan fwaye (Sa valab menmsi moun aje a te viktим vyalans oswa li te yon paran oubyen yon konjwen ki te konn fè abi)
- Aranjman pou viv ak yon moun
- Depandans sou entènèt

## Chèche Siy yo:

Souvan gen siy — fizik, sosyal ak finansye — ki montre bagay yo p ap mache byen.

### *Siy fizik yo gen ladan:*

- Blese ki san esplikasyon tankou dekolorasyon nan po a ak mak, espesyalman si yo nan toulède bò nan kò a, se kòmsi yo te rale moun nan byen fò oswa yo te kwense l yon kote;
- Linèt kraze;
- Siy moun nan pran twòp oubyen twò piti medikaman;
- Moun nan pèdi pwa yon fason ki dwòl;
- Viv yon kote ki sal;
- Moun nan neglige ijyèn kòl.

### *Chanjman nan domèn sosyal pou w siveye:*

- Sinon, moun nan vin pè oswa li vin retisan pou l pase tan ak zanmi l;
- Efè Izòlman;
- Konpòtman pou detwi pwòp tèt li;
- Detrès Emosyonèl.

### *Siy nan domèn Finans:*

- Chanjman sanzatann nan kondisyon finansye moun aje a oswa moun k ap bal swen an;
- Bagay nan kay la ki pèdi;
- Fakti ki pa peye malgre moun aje a ta sipoze gen kòb pou peye yo;
- Konpòtman etranj nan fason li achte oswa depanse.

### *Koute lè Ensten w pale avè w*

Moun k ap abize w la fò anpil nan fè w kwè ou gen tò. Si w panse gen yon pwoblèm, pran dispozisyon pou rezoud sa.

Rapòte li.



## Sa w ka fè:

- Si w panse ou viktim abi, ou pa bezwen jennen oswa santi w wont pou w pote plent. Se anpire sitiyasyon an ap anpire si w pa fè anyen pou sa.
- Pale de sa ak yon moun ou fè konfyans, tankou yon lòt manm nan fanmi an, yon moun nan legliz, manadjè yon bank, avoka, eksetera. Ou pa poukout ou.
- Chèche konnen ki kote w ka jwenn èd, sa gen ladan Biwo General Avoka a, komisarya polis ki nan katye a, bank ou (si yo pran lajan nan kont bank ou), ak Sèvis Pwoteksyon pou Moun ki Majè,
- Rete konekte. Sonje, izole tèt ou se yon gwo ris. Rele zanmi, antre nan gwoup, vizite fanmi.
- Pran kontwòl: Chèche enfòmasyon pou ou ak lòt moun. Pafwa abi ak neglijans se rezulta gwo estrès ak izolasyon.
- Si w se yon moun k ap bay moun swen, asire w ou gen enfòmasyon ak sipò ou bezwen pou w fè travay ou byen, e si w konnen yon moun ki konn gade moun, chèche konnen sa yo ta ka bezwen pou ede yo fè fas ak moman difisil y ap rankontre. Gen konpayi ki bay swen tanporè ann ijans ak
- lòt sèvis. Chèche fòmasyon k ap ede w pi byen konprann pwoblèm w ap rankontre a. Rete konekte ak zanmi ak fanmi, pou w ka kreye yon sistèm sipò.

## Abi Moun k ap Bay Swen Tanporè yo fè - Faktè Ris:

- Dosye sou abi dwòg
- Depresyon (ou jwenn sa souvan pami k ap bay swen yo)
- Lè moun nan santi yo pa rekonpanse l ase pou èd lap bay moun ki viktim nan
- Mank fòmasyon
- Move kondisyon travay
- Moun k ap bay swen an rabese oswa menase moun aje a



## VII. Sant kontwòl sou fwod k ap fèt sou Medicaid

Sant kontwòl sou fwod k ap fèt sou Medicaid la se yon pati enpòtan nan Biwo General Avoka a ki sible gwo fwod ki gen rapò ak lè yo touche twòp lajan sou moun nan, lajan ki bay anba anba, medikaman ak ekipman medikal ki pa bon kalite, ak "Izin Medicaid" kriminèl ki byen òganize ap dirije. Sa pwoteje moun ki aje ak moun andikape k ap viv Nouyòk yo tou kont abi ak neglijans ki gen nan kay moun ki nan retrèt yo ak lòt kote yo bay swen sante.

MFCU se sèl ajans ranfòsman lalwa ki nan eta a ki konsantre l sou fè envestigasyon ak pousuiv abi ak neglijans ki ap fèt nan rezidans yo, tankou kay moun ki nan retrèt yo ak moun ki aje yo, ak nan lopital ak klinik. Anfèt, MFCU gen otorite l sou tout etablisman sa yo — keseswa etablisman resevwa pèman grasa pwogram Medicaid la oubyen pasyan se yon benefisyè Medicaid.

MFCU gen biwo toupatou nan eta a. W ap ka jwenn enfòmasyon kap pèmèt ou kontakte chak nan yo nan seksyon Resous ki nan do ti bwochi sa a. Ou ka jwenn enfòmasyon pou w kontakte yo nan seksyon Enfòmasyon ki nan bwochi sa. Akoz kantite etablisman k ap bay swen ki gen nan Vil Nouyòk, MFCU tabli yon Seksyon Pou Pwoteksyon Pasyan yo ki espesyal, ki gen avoka, envestigatè ak enfimyè ki la pou fè analiz e ki fè envestigasyon epi pousuiv ka abi ak neglijans nan senk awondisman.

# Deklarasyon dwa pou Rezidan ki nan Kay yo bay moun Aje Swen yo

- Diyite, respè ak yon anviwònman konfòtab pou yo viv;
- Bonjan swen ak tretman san diskriminasyon;
- Libète pou yo pran pwòp desizyon yo;
- Pwoteksyon byen ak lajan;
- Garanti pou antre, transfere ak sòti;
- Diskresyon nan komunikasyon yo;
- Patisipe nan òganizasyon ak aktivite ou vle;
- Yon sistèm pou pote plent ki fasil pou itilize e ki efikas;
- Defann tout dwa yo san yo pa pè pou yo pa pè revanj.


## Kontakte Nou

Si w kesyon oswa w ta renmen voye yon plent bay Sant kontwòl sou fwod k ap fèt sou Medicaid la:

Rele sou liy dirèk Pwokirè Jeneral la  
(800) 771-7755

Oswa ranpli yon plent anliy  
**ag.ny.gov/comments-mfcu**





## VIII. Pran Kontwòl Lajan w, Swen sante w

Sa yo se etap legal ou ka franchi pou w planifye finans ou ak swen sante w alavans. Se yon bon ide pou w ta diskite de sa ak yon avoka, kontab, doktè ak fanmi w ak moun ou renmen.

### Pouvwa yon Avoka

**Pouvwa yon Avoka**  
pa la pou pran  
desizyon medika  
nan plas ou. Gen  
dokiman legal ki  
separe, tankou yon  
manda pou swen  
sante, ou dwe li  
epi siyen pou w ka  
deziyen moun yo.

Pouvwa yon Avoka genyen se yon zouti ki enpòtan nan planifikasyon limit ak andikap ou ka vin genyen akoz yon gwo aksidan, Alzaymè oswa lòt gwo maladi. Yon moun, yo rekonèt sou non “prensipal”, otorize youn oswa plizyè moun, yo rekonèt sou non “ajan”, pou aji nan non oswa defann enterè prensipal la.

Antanke prensipal, ou ka defini jis ki kote pwouwva avoka bout: se ka yon ajan ki gen dwa siyen chèk nan non w, oswa bay ajan otorizasyon ki ale pi lwen k ap pèmt li fè prèske tout bagay nan plas ou. Ou ka deziyen plis pase yon ajan ki ka fè bagay ki diferan oswa ki ka pran desizyon ansanm. Ou ka deziyen yon monitè k ap la pou resevwa rapò tout tranzaksyon yo.

Yon lòt rezon pou w fè sa alavans se pou w ka chwazi moun k ap jwe wòl ajan pou ou a. Li dwe yon moun ou gen konfyans total nan li e k ap toujou la pou defann enterè w. Reflechi pou w wè si moun ou gen nan tèt ou a se yon moun ki jere lajan byen e ki ka pran desizyon ki difisil, e k ap ka kolabore ak lòt manm nan fanmi w. Ou ta dwe revize chwa w la detanzantan, espesyalman si moun ou deziyen an gen chanzman pèsonèl nan lavi I oswa ap fè fas ak difikilte, tankou yon divòs, li pèdi travay li, oswa li vin depann de jwèt aza oswa dwòg.

Li enpòtan pou w sonje ou dwe chwazi moun nan an fonksyon kapasite I men tou selon relasyon w avè I. Sa rive souvan moun nou fè konfyans lan paka jere lajan oswa pa yon moun ki gen disiplin ase pou w pou I pran responsabilite sa pou kounye a. Gen lòt tou ki ka yon bon ajan pandan yon peryòd nan lavi yo, men yo pa ge tan ak kapasite pou pran responsabilite sa pou kounye a. Kèlkeswa moun ou chwazi a, asire w nou toulède konnen kisa sa enplike e si chwa bon pou nou tout moun.

Yon lòt bò, si yon moun ki pa t jwe wòl Pouwva yon Avoka vin pa ka jwe wòl la ankò, pa gen pèsonn k ap ka gen aksèpou jere byen I ak finans li san yon pwosesis legal. Pwosesis sa yo ka chè, yo ka pran anpil tan e yo ka dezagreyab, e moun tribunal la chwazi pou jwe wòl entèmedyè a ka yon moun ou pa t ap menm chwazi. Ou ka evite pwosesis pou w gen yon entèmedyè a tou senpleman si gen yon moun ki jwe wòl avoka pou ou.

## Enstriksyon alavans sou Swen

Nan Eta Nouyòk, pi bon fason pou w asire w yo konnen sa w vle pou swen sante w e yo respekte sa se itilize Enstriksyon Alavans yo. Sa yo se dokiman ki pral pale pou ou nan moman ou pa ka pale pou tèt ou.

Yon **manda sou swen sante** chwaziyon yon moun pou pran desizyon pou ou si w twouve w nan yon sitiyasyon kote w ap pran yon tretman pou pwolonje lavi w e w pa ka pran desizyon sa yo. Sa valab sèlmam aprè yon doktè fin deside ou pa ka pran desizyon poukонт ou. Sa valab chak fwa ou pa ka pran desizyon medikal poukонт ou, se pa sèlman nan dènye jou ou rete pou w viv yo. San yon manda swen sante, yon doktè ka ba w yon tretman ou te ka refize si w te kapab. Pa gen okenn moun—menm yon konjwen—ki ka pran desizyon pou ou sof si ou te cdeziyen I pou sa nan mada swen sante a.

Chwazi yon ajan sante ou fè konfyans ki ap ka defann tretman ou prefere a e k ap asire I yo respekte volonte w. Ou dwe diskite volonte sa ak ajan sante ou chwazi a. Pale de valè w ak kwayans ou yo. Pa gen moun ki ka planifye pou tout sitiyasyon nèt. Plis ajan w lan gen detay, se pi fasil I ap pi fasil pou l pran desizyon pou ou.

**Testaman an** se yon deklarasyon pèsonèl sou kalite tretman ou vle — oswa pa vle — nan dènye jou ou rete pou w viv yo. Se yon dokiman ki gen volonte sou swen sante w epi ou pa mete non manm fanmi, zanmi, lopital oswa lòt etablisman sante ladan I. Li valab lè w pa ka pran desizyon poukонт ou, oswa ou pa ka kominike volonte w, e doktè w la konfime maladi w fè a pa ka geri.

Nouyòk pa gen lwa sou testaman, men tribinal ki gen plis otorite nan eta a ka deside ke testaman w lan valid depi ladan I gen prèv “klè e ki konvenkan” sou sa w vle ki pou fèt yo.

**Lòd Pou Pa Resisite (DNR)** a se pou moun k ap bay swen sante yo ak moun k ap travay nan ijans yo ka konnen pou yo pa eseye tretman ki pou resisite pasyan si kè I ak respirasyon I ta bloke. Li valab lè yon doktè siyen I. Yo bay fomilè a nan lopital, yon doktè siyen I epi yo mete I nan dosye malad la. Yo ka voye I nan yon lòt lopital kote y ap bay malad la swen.

Lè se pa anndan yon lopital, yo itilize yon fòmilè “Lòd Pou Pa Resisite ki Pa Nan Lopital” Depatman Sante NYS bay. Malad la ka mache avè okazou ta gen yon ijans. Ou ka mete enstiksyon DNR yo nan Manda sou Swen Sante w la oswa nan Testaman w lan.

### Pou plis enfòmasyon

Biwo Avoka General la sòti yo ti bwochi ki gen tit Enstriksyon Alavans Li bay detay sou pwoblèm sa yo e li ka itil nan pwosesis planifikasyon ak konvèsasyon ak fanmi an.



**[ag.ny.gov/advanced-directives](http://ag.ny.gov/advanced-directives)**


## Fòmilè MOLST la

Fòmilè medikal Orders for Life Sustaining Treatment (MOLST) la pèmèt doktè yo anrejistre preferans ou nan kesyon CPR yo, entèvansyon mekanik ak lòt tretman ki pou ede w rete an vi nan yon sèl fòmilè ki se yon òdonans medikal. An jeneral, MOLST se pou malad ki gen pwoblèm sante ki grav anpil (maladi kwonik ki avanse oswa ki nan faz fina) ak lòt moun ki swete tabli swen sante yo vle resevwa pandan yo nan dènye jou pou yo viv. interested in further defining their care wishes as they face the end of life.

This form can help centralize and summarize advance directives and end-of-life wishes and. It is not intended to replace your current health care proxy form and/or living will.

## Manda Swen Sante ak Testaman: Gen yon diferans

Byenke manda swen sante a ak testaman se de dokiman ki bay enstriksyon alavans, yo pa menm bagay. Ou ta dwe panse pou w gen toulède. Testaman an ka yon zouti pou ajan swen sante w la: se prèv ki montre sa w vle epi li ka bay ajan direksyon li ka bezwen pou pran desizyon ki konplike.



## IX. Resous

Ajans ak lòt òganizasyon kote w ka jwenn plis enfòmasyon.

**Biwo Jeneral Avoka ki nan Nouyòk**

**ag.ny.gov**

**(800) 771-7755**

**Biwo Ekzekitif**

Kapitòl Ia  
Albany, NY 12224  
(518) 776-2000

28 Liberty Street  
New York, NY 10005  
(212) 416-8000

# Biwo Rejyonal yo

## Biwo Rejyonal ki nan Binghamton

Imèb Biwo Leta, 17èm etaj  
44 Hawley Street  
Binghamton, NY 13901  
(607) 251-2770

Fwod ki fèt sou Konsomatè:  
(607) 251-2764

## Biwo Rejyonal ki nan Broolyn

55 Hanson Place Suite 1080  
Brooklyn, NY 11217  
(718) 560-2040

## Biwo Rejyonal ki nan Buffalo

Main Place Tower, Suite 300A  
350 Main Street  
Buffalo, New York 14202  
(716) 853-8400  
Fwod ki fèt sou Konsomatè: (716) 853-8404

## Biwo Rejyonal ki nan Harlem

163 West 125th Street, Suite 1324  
New York, N.Y. 10027  
(212) 364-6010

## Biwo Rejyonal ki nan Nassau

200 Old Country Road, Suite 240  
Mineola, NY 11501  
(516) 248-3302 or (516) 248-3300  
Fwod ki fèt sou Konsomatè: (516) 248-3300

## Biwo Rejyonal ki nan Plattsburgh

43 Durkee Street, Suite 700  
Plattsburgh, NY 12901  
(518) 562-3288  
Consumer Frauds: (518) 562-3282

## Fwod ki fèt sou Konsomatè: (518) 562-3282

One Civic Center Plaza - Suite 401  
Poughkeepsie, NY 12601-3157  
(845) 485-3900

## Biwo Rejyonal ki nan Rochester

144 Exchange Boulevard, Suite 200  
Rochester, NY 14614-2176  
(585) 546-7430  
Fwod ki fèt sou Konsomatè: (585) 327-3240

## Biwo Rejyonal ki nan Syracuse

300 South State St, Suite 300  
Syracuse, NY 13202  
(315) 448-4800  
Fwod ki fèt sou Konsomatè: (315) 448-4848

## Biwo Rejyonal ki nan Suffolk

300 Motor Parkway, Suite 205  
Hauppauge, NY 11788  
(631) 231-2424  
Fwod ki fèt sou Konsomatè: (631) 231-2401

## Biwo Rejyonal ki nan Utica

207 Genesee Street  
Room 508  
Utica, NY 13501  
(315) 864-2000

## Biwo Rejyonal ki nan Watertown

Imèb kote Biwo Dulles State la ye a  
317 Washington Street  
Watertown, NY 13601  
(315) 523-6080

## Biwo Rejyonal ki nan Rochester

44 South Broadway  
White Plains, New York 10601  
(914) 422-8755  
Fwod ki fèt sou Konsomatè: (914) 422-8755

## Medicaid Fraud Control Units

Albany .....	(518) 533-6011
Vil Nouyòk .....	(212) 417-5300
Biwo Rejyonal ki nan Buffalo .....	(716) 853-8500
Biwo Rejyonal ki nan Hauppage.....	(631) 952-6400
Biwo Rejyonal ki nan .....	(845) 732-7500
Biwo Rejyonal ki nan Rochester .....	(585) 262-2860
Biwo Rejyonal ki nan Syracuse.....	(315) 423-1104

## Lòt Ajans nan Gouvènman an

**NYS Department of State Division of Consumer Protection: Inite Soutyen Konsomatè (Consumer Assistance Unit)**

**[dos.ny.gov/consumer-protection](http://dos.ny.gov/consumer-protection)**

99 Washington Avenue  
Albany, New York 12231-0001  
Liy Dirèk Konsomatè Inite Soutyen (Consumer Assistance Unit)  
(518) 474-8583 or  
(800) 697-1220

**NYS Office for the Aging**  
**[aging.ny.gov](http://aging.ny.gov)**

2 Empire State Plaza  
Albany, New York 12223-1251  
Liy Èd: (800) 342-9871  
General Assistance: (800) 342-9871

**U.S. Dept. of Health and Human Services**  
**Administration on Aging**  
**[acl.gov/about-acl/administration-aging](http://acl.gov/about-acl/administration-aging)**

Pou Enfòmasyon Jeneral: (202) 401-4634 Eldercare Locator: (800) 677-1116

**NYS Department of Financial Services**

(800) 342-3736 | [dfs.ny.gov](http://dfs.ny.gov)

**Better Business Bureau**  
**[newyork.bbb.org](http://newyork.bbb.org)**  
**[upstateny.bbb.org](http://upstateny.bbb.org)**

Biwo Vil Nouyòk  
(212) 533-6200  
Fax: (212) 477-4912

Long Island Office  
(516) 420-0500  
Fax: (516) 420-1095

Mid Hudson Office  
(914) 333-0550  
Fax: (914) 333-7519

Andeyò nan Nouyòk  
(716) 881-5222 or (800) 828-5000  
Fax: (716) 883-5349

## Biwo ki la pou Bay Rapò Kredi

### ***Experian***

Kòmande yon rapò kredi oswa Nimewo Kredi .....	(888) 397-3742
Èd ak Fwod, Vòl Idantite ak Kredi .....	(888) 397-3742
Sit Entènèt .....	<a href="http://experian.com">experian.com</a>

### ***TransUnion***

Liy prensipal .....	(800) 916-8800
Sit Entènèt .....	<a href="http://transunion.com">transunion.com</a>
Sit Entènèt ki gen litij .....	<a href="http://transunion.com/credit-disputes/dispute-your-credit">transunion.com/credit-disputes/dispute-your-credit</a>
Sit Entènèt ki gen fwod .....	<a href="http://transunion.com/fraud-alerts">transunion.com/fraud-alerts</a>
Sit Entènèt ki friz.....	<a href="http://freeze.transunion.com">freeze.transunion.com</a>
Depatman nan TransUnion ki bay Moun ki viktim Fwod Asistans P.O. Box 6790   Fullerton, CA 92834	

### ***Equifax***

Sit Entènèt: .....	<a href="http://equifax.com">equifax.com</a>
Rapò Kredi Gratis .....	(800) 685-1111
Sit Entènèt ki bay Rapò Kredi Gratis.....	<a href="http://equifax.com/fcra">equifax.com/fcra</a>

### ***Innovis***

Sit Entènèt .....	<a href="http://innovis.com">innovis.com</a>
-------------------	--

## Piblikasyon

Piblikasyon yo disponib gratis; ou ka kèmande yon gwo kantite pou yon gwoup. Anplis de Anglè, w ap jwenn piblikasyon yo nan plizyè lòt lang. Ou ka wè oswa kèmande piblikasyon sou entènè, pa lapòs, oswa faks Men kèk ki ka entèrese w.

Pou w ka jwenn lis konplè piblikasyon yo ale sou  
**[ag.ny.gov/publications](http://ag.ny.gov/publications)**

### **Moun aje ki entèlijan, Moun k ap envesti ki entèlijan** [ag.ny.gov/senior-investors](http://ag.ny.gov/senior-investors)

### **Vòl ak** [ag.ny.gov/deed-theft](http://ag.ny.gov/deed-theft)

### **Enstriksyon Alavans** [ag.ny.gov/advanced-directives](http://ag.ny.gov/advanced-directives)

### **Lojman kijis** [ag.ny.gov/fair-housing](http://ag.ny.gov/fair-housing)

### **Dwa lokatè a** [ag.ny.gov/tenantsrights](http://ag.ny.gov/tenantsrights)

### **Veritab pwoblèm nan domèn Swen Sante** [ag.ny.gov/real-healthcare-problems](http://ag.ny.gov/real-healthcare-problems)

Konsèy pou moun ki pi gran yo konsènan fason pou yo envesti yon fason ki entèlijan epi evite envestisman ki gen fwod.

Fason pou evite vòl ak ansanm ak fwod ki sanble ak sa epi lage kay ou nan men moun serye.

Enfòmasyon sou konsiy ki avanse, fason pou jere doulè, swen palyatif, don ògàn, ak lòt bagay ankò.

Debat sou lwa konsènan diskriminasyon nan kesyon lwe, vann oswa finanse kay.

Yon esplikasyon sou kontra-Lwaye, pwoblèm sekirite, sèvis kouran, ak pwoteksyon pèsonèl lokatè yo..

Esplike fason Biwo Pwokirè Jeneral pou Swen Sante ka ede moun k ap viv Nouyòk

---

**Konsomatè ki avize**  
[ag.ny.gov/savvy-consumer](http://ag.ny.gov/savvy-consumer)

Kèk konsèy pou fè acha yon fason entèlijan

---

**Prè ak gwo to enterè**  
[ag.ny.gov/predatory-lending](http://ag.ny.gov/predatory-lending)

Pwoblèm ki gen nan zafè prete lajan, espesyalman pou finanse yon kay.

---

**Kat rabè pou Sante ak RX**  
[ag.ny.gov/rx-discount](http://ag.ny.gov/rx-discount)

Bwochi sa bay konsèy sou fason pou fè acha yon fason ki entèlijan kè w ap eseye jwenn rabè nan swen sante.

---

**Pwoteje tèt ou kont  
Vòl Idantite Kit pou Vòl  
Idantite:**  
[ag.ny.gov/id-theft](http://ag.ny.gov/id-theft)

Men sa pou w fè si w te viktim: Enstriksyon presi sou etap imeda ou dwe franchi si yo vòlè idantite w.

---

**Fwod IRS**  
[ag.ny.gov/irs-scam](http://ag.ny.gov/irs-scam)

Bwochi sa gen konsèy k ap ede w evite pran moun k ap fè fwod pyeje w lè yo pretann yo se reprezantan Internal Revenue Service.

---

**“Konplo ki fèt pou pyeje  
Granparan” lè yo sèvi ak  
pitit pitit yo**  
[ag.ny.gov/grandparent-scheme](http://ag.ny.gov/grandparent-scheme)

Bay moun ki jèn yo konsèy sou kriminèl ki itilize idantite lòt moun pou yo pran gran paran yo nan fwod.

---

**Limon ki gen nan kay ou.**  
[ag.ny.gov/mold-in-home](http://ag.ny.gov/mold-in-home)

Bwochi sa bay konsèy sou fason ou ka retire limon nan telefòn ou aprè move tan ak inondasyon fin pase.





**Biwo Jeneral Avoka ki nan Nouyòk**

***Letitia James***

***ag.ny.gov***  
***(800) 771-7755***